

Lis kontwòl sa a ap ede ou asire pwogram gadri ou an respekte Atik 47 la nan Kòd Sante Vil New York la. Repase regilyèman kesyon ki nan lis kontwòl sa a pou ou sèten ou ka reponn wi (**W**) pou tout kesyon yo. Lis kontwòl sa a kouvri anpil nan egzijans yo konsènan pwogram gadri an gwoup yo, men se pa tout. Pou jwenn yon deskripsyon konplè pou tout egzijans yo ki dekri nan Atik 47 la, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche "**Health Code**" (kòd sante).

	W/N		W/N
<b>Kantite anplwaye ak Sipèvizyon Timoun</b>		Èske pwogram ou an gen sou plas yon Direktè Edikasyon kalifye pandan lè gadri yo? §47.13	
		Èske kantite timoun ki prezan yo PA plis pase chif kapasite maksimal ki sou pèmi ou an? §47.05	
		Èske anplwaye ki sou plas yo gen kalifikasyon obligatwa yo? §47.13, §47.15, §47.17	
		Èske anplwaye ki sou plas yo gen otorizasyon obligatwa, ajou konsènan jistis penal ak abi sou timoun? §47.19	
		Èske pwogram ou an gen rapò obligatwa yo konsènan kantite anplwaye pou kantite timoun? §47.23	
		Èske yon anplwaye kalifye gen je dirèkteman sou tout timoun yo toutan? §47.23	
<b>Sekirite ak Sante</b>		Èske pwogram ou an gen omwen yon anplwaye prezan ki sètifye nan Reanimasyon Kadyorespiratwa (CPR) ak premye swen, ak omwen yon anplwaye prezan ki resevwa fòmasyon pou bay medikaman dijans? §47.23, §47.29	
		Èske ou gen sou plas yon plan sekirite konplè alekri epi ki ajou? §47.11	
		Èske ou gen sou plas, dosye medikal obligatwa yo, ansanm ak dosye vaksinasyon ak dokiman sou egzamen medikal, pou tout timoun ki sou kont ou yo? §47.25	
		Èske ou kenbe yon dosye prezans chak jou pou tout timoun ki sou kont ou yo? §47.27	
		Èske ou tcheke chak jou sante tout timoun ki sou kont ou yo? §47.27	
		Èske ou gen yon zòn konvnab pou mete timoun ki malad yo apa? §47.27	
<b>Sekirite ak Sante</b>		Èske ou kenbe sou plas yon plan alekri pou ijans, ki gen enfòmasyon pou kontak dijans ak pou kontak jeneral? §47.29	
	<b>Sekirite ak Sante</b>	Èske ou gen omwens de (2) oto-enjektè epinephrine ak zegwi retraktab ki sou plas ki sere lwen timoun yo epi ki pa ekspan? §47.29	
		Èske ou gen yon twous premye swen konplè ki aksesib men li yon kote timoun yo pa ka rive jwenn li? §47.29	
		Èske ou kenbe yon dosye pou bay medikaman? §47.31	
		Si yo apwouve pwogram ou an pou li bay medikaman, èske ou gen yon zòn estokaj medikaman ki pwòp epi timoun yo pa ka rive jwenn li, epi ou kenbe medikaman nan frijidè yo apa ak manje? §47.31	
		Èske anplwaye ou yo ak timoun ki sou kont ou yo lave men yo byen apre yo sot nan twalèt, apre yo fin chanje kouchèt, apre yo te an kontak ak nenpòt timoun ki malad, apre yo fin jwe deyò epi anvan yo manyen manje? §47.35	
<b>Pratik Lijyèn</b>	Èske lavabo pou lavaj men yo gen savon likid ak sèvyèt an papyè oswa sechwa sanitè timoun yo ka rive jwenn? §47.43g		
	Èske gen pankat pou lavaj men ki afiche ak lè nan chak twalèt ak nan chak lavabo nan zòn sèvis gadri a? §47.35		
	Èske yo itilize dra jetab nan zòn pou chanje kouchèt yo, epi èske yo chanje yo apre chak itilizasyon? §47.43		
	Èske gen yon veso pou jete kouchèt akote zòn pou chanje kouchèt yo; èske li gen yon kouvèti ki byen sere epi doubli an plastik; epi èske ou bay dezenfektan? §47.43		
	Èske anplwaye k ap chanje kouchèt yo mete gan jetab? §47.43		

		W/N			W/N
<b>Pratik Lijyèn</b>	Si ou gen po nan zòn twalèt yo, èske yo lave yo epi dezenfekte yo byen apre chak itilizasyon? §47.43		<b>Sekirite Manje</b>	Èske toujou gen dlo pou bwè disponib epi timoun yo ka rive jwenn li, epi si ou itilize youn, èske fontèn pou bwè a byen antretni? §47.61	
	Èske gen rad derechanj disponib pou yo ka chanje nenpòt timoun ki sal rad li? §47.35			Èske tout manje ou sèvi yo prepare ak estoke san danje (dapre Atik 81 nan Kòd Sante a)? §47.61	
	Èske ou gen yon dra pwòp ak kad Depatman Sante apwouve oswa lòt aranjman pou dòmi pou chak timoun ki pase plis pase katrèdtan sou kont ou? §47.55			Èske ou konsève lèt pi ba ke 41 degre Fahrenheit epi yo itilize yo avan dat ekspirasyon an? §47.61	
	Èske ou entèdi yo fimen tabak oswa lòt sibstans ni andedan ni deyò nan tout zòn sèvis gadri a? §47.35			Èske manje seche yo estoke nan veso ki pwoteje kont ensèk ak wonjè? §47.61	
<b>Antretyen</b>	Èske tout zòn andedan ak deyò yo pwòp epi yo an bon eta? §47.47, §47.49		<b>Devlopman Timoun</b>	Èske aktivite pwogram ou an ankouraje byennèt fizik, entelektyèl ak emosyonèl timoun ki sou kont ou yo? §47.67	
	Èske tout mèb yo pwòp epi yo an bon eta? §47.55			Èske ou gen yon règleman ki afiche pou jere konpòtman? Èske li entèdi pou frape, menase ak imilye timoun yo? Èske yo konsole timoun yo lè yo nan soufrans? §47.67	
	Èske yo mete dechè ak fatra nan bwat ki pwoteje kont wonjè epi ki gen kouvèti byen sere? §47.49			Èske ou kenbe yon orè alekri, chak jou, ki gen ladan aktivite andedan ak deyò, manje, peryòd repo ak posiblite pou aprann? §47.67	
	Èske etablisman an pa gen wonjè, ensèk ak lòt bèt nuizib, epi li pa gen kondisyon ki ka atire bèt nuizib? §47.51			Si pwogram ou an okipe tibebe, èske ou bay yon anviwònman san danje pou yo dòmi, epi ou mete tibebe yo sou do pou yo dòmi? §47.67	
	Èske koulwa yo, eskalye ak sòti yo san obstak toutan? §47.41			Èske pwogram ou an bay omwen 60 minit aktivite fizik chak jou pou timoun ki gen 12 mwa oswa plis, ki gen ladan omwen 30 minit aktivite estriktire ak gide pou timoun ki gen plis pase 3 zan? §47.71	
	Èske gen pwoteksyon fenèt apwouve nan tout fenèt yo alesepsyon fenèt pou chape pou dife yo? §47.41		<b>Aktivite Fizik</b>	Èske ekipman pou jwe yo koresponn ak laj timoun yo epi yo fèt pou soutni devlopman fizik ak motè? §47.71	
	Èske antre ak sòti yo kontwole epi yo gen sekirite? §47.41			Èske ou gen jwèt deyò ki prevwa chak jou (alesepsyon lè tan an move)? Èske timoun yo abiye kòm sadwa lè y ap jwe deyò? §47.71	
	Èske ekipman pou jwe deyò yo byen antretni epi yo san danje? §47.47			Èske ou entèdi pou timoun ki poko gen 2 zan gade televizyon ak videyo, epi ou mete limit 30 minit pou gade pwogram edikasyon chak semèn pou timoun ki gen 2 zan oswa plis? §47.71	
	Èske yo estoke pwodui netwayaj yo, tankou detèjan ak klòwòks nan yon kote pou timoun yo pa kapab rive jwenn yo? §47.49			Èske ou asire timoun yo pa chita pandan plis pase 30 minit yon sèl kou san yo pa gen aktivite fizik, eksepte pandan lè ki prevwa yo pou repo oswa kabicha? §47.71	
	Èske gen pano sòti klè ak vizib ki afiche sou tout sòti yo? §47.59				
<b>Sekirite pou Dife</b>	Èske ou gen ekstenktè ki fonksyone, ki pa ekspire epi ki enspekte? §47.59				
	Èske etablisman an ak pwopriyete li san danje elektrik, chimik, mekanik ak lòt danje? §47.59				
	Èske ou gen detektè monoksid kabòn ak lafimen ki fonksyone ki gen alam ki klè epi ki byen fò? §47.59				